

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Pamarekan Panalungtikan jeung Désain Panalungtikan

3.1.1 Pamarekan Panalungtikan

Métodologi téh mangrupa élmu atawa cara nu digunakeun pikeun meunangkeun bebeneran ngagunakeun hiji cara nu tangtu gumantung kana réalitas nu ditalungtik.

Métodologi asal kecap tina basa Yunani “*metodos*” jeung “*metha*” nu hartina *melalui* atawa *melewati* jeung “*hodos*” nu hartina jalan atawa cara. Méthode téh hiji jalan pikeun ngahontal tujuan. Sedengkeun “*logos*” hartina élmu nurutkeun **Hoed (2014, kc. 19)** “*metodologi adalah cara dalam penelitian untuk memperoleh pengetahuan dan pemahaman dari objek yang kita teliti serta bagaimana pengetahuan dan pemahaman dapat dilihat pada tiga tataran, yani 1) paradigm yang digunakan, 2) metode yang dipilih, dan 3) teknik yang dipakai*”.

Jadi, méthode panalungtikan téh nyaéta tata cara ngeunaan tahap-tahap dina ngalakukeun hiji panalungtikan. Méthode panalungtikan mangrupa léngkah-léngkah tina pamarekan panalungtikan. Pamarekan dina ieu panalungtikan nyaéta pamarekan kualitatif kalawan méthode déskriptif. Ari méthode déskriptif mangrupa méthode anu ngadéskripsikeun fakta unsur budaya (basa, sistem pangaweruh, sistem kamasarakatan atawa organisasi sosial, sistem pakakas hirup jeung téhnologi, sistem pakasaban, sistem réligi, jeung kasenian) jeung unsur semiotikna (ikon, indeks, jeung simbol). Hal éta luyu jeung pamanggih **Sugiyono (2015, kc. 15)** nu nétélakeun yén méthode panalungtikan kualitatif téh nyaéta *metode penelitian yang berlandaskan pada filsafat postpositivisme, digunakan untuk meneliti pada kondisi obyek yang alamiah, (sebagai lawannya adalah eksperimen) dimana peneliti adalah sebagai instrument kunci, pengambilan sampel sumber data dilakukan secara purposive dan snowbaal, teknik pengumpulan dengan triangulasi (gabungan), analisis data bersifat induktif/kualitatif, dan hasil penelitian kualitatif menekankan makna dari pada generalisasi*.

Panalungtikan ka lapangan mangrupa ciri has antropologi budaya. Hartina, ahli antropologi ancrub langsung ka lapangan. Ahli antropologi ngajukeun sababaraha patalékan, neuleuman basa nu anyar, nyakséni ragam upacara, nyieun catetan

lapangan, ngawawancara informan, jeung sajabana. Éta hal téh kadang ngajadikeun kaluar atawa lega teuing tina tugas utama nyaéta ngalakukeun panalungtikan étnografi. Dina ieu panaluntikan anu mana ngagunakeun métode kualitatif pikeun ngadéskripsikeun fakta unsur budaya (basa, sistem pangaweruh, sistem kamasarakatan atawa organisasi sosial, sistem pakakas hirup jeung téhnologi, sistem pakasaban, sistem réligi, jeung kasenian) jeung unsur semiotikna (ikon, indeks, jeung simbol).

3.1.2 Étnografi

Lian ti métode kualitatif, métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan ogé nyaéta métode étnografi. *“Etnografi merupakan pekerjaan mendeskripsikan suatu kebudayaan. Istilah “etnografi” digunakan untuk menunjuk aktivitas mempelajari kebudayaan dan dengan produk ahir “suatu etnografi” (Spradley, 2007 kc.3).*

Istilah étnografi téh mangrupa istilah antropologi. Istilah étnografi medal saméméh taun 1800-an. Harita mah étnografi téh mangrupa hasil catetan penjelajah Eropa nalika néangan rempah-rempah ka Indonesia. Maranéhna nyatet sakur fénoména nu kapanggih tur ngirut salila di perjalanan, upamana adat-istiadat, susunan masarakat, basa jeung ciri-ciri fisik ti sababaraha sélér bangsa nu aya di Indonesia. Étnografi asal kecap tina *ethos* jeung *graphein*. *Ethos* hartina bangsa atau sélér bangsa, sedengkeun *graphein* hartina tulisan atawa *uraian*. Charles Winnick (dina Bungin, 2015 kc. 180) nétélakeun yén étnografi salaku *“The study of individual culture”*. Adam E. Hoebel (dina Bungin, 2015 kc. 180) nétélakeun yén étnografi téh *“to write about peoples. As we used term, it refers to descriptive study of human society”*. Jadi, etnografi téh mangrupa kagiatan ngaanalisis hiji kabudayaan sacara turun langsung ka lapangan.


Tujuan utama étnografi nyaéta pikeun maham sawangan hirup tina sudut pandang penduduk asli, sakumaha nu diébréhkeun ku Bronislaw Mawlinowski dina Spradley, 2006, kc. 4 yén tujuan étnografi nyaéta *“memahami sudut pandang penduduk asli, hubungannya dengan kehidupan, untuk mendapatkan pandangannya mengenai dunianya”*. Ku kituna, panalungtik étnografi ngalibetkeun kagiatan diajar ngeunaan jalma nu geus nempo, ngadéngé, nyarita, mikir, jeung

bertindak ku cara anu béda. Étnografi téh pikeun maham manusa sarta pikeun nyumponan pangabutuh manusa. Jadi, etnografi henteu ngan maham masarakat, tapi étnografi ogé diajar ti masarakat. Salasahiji cara pikeun mahamna nyaéta ngayakeun konsultasi jeung informan.

Lantaran cara gawéna anu ngadéskripsikeun hiji kabudayaan ti lapangan, ngeunaan fakta-fakta anu nyampak dina objék panalungtikan métode anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta métode étnografi, anu pikeun ngadéskripsikeun hiji gambaran sacara sistematis, faktual, sarta akurat ngeunaan fakta-fakta jeung sipat-sipat populasi atawa daérah anu tangtu. Anu disebut fakta-fakta dina ieu panalungtikan nyaéta informasi ngeunaan upacara TTNTSS. Aya tilu hal anu bakal didéskripsikeun jeung dianalisis tina upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi, nyaéta unsur budaya jeung semiotik upacara TTNTSS, sarta hasilna dijadikeun alternatif bahan pangajaran maca bahasan di SMA.

3.1.3 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nyaéta pedoman atawa prosedur sarta téhnik dina ngarencanakeun panalungtikan salaku panduan pikeun ngawangun stratégi nu ngahasilkeun model. Anapon desain atawa rarancang dina ieu panalungtikan téh saperti nu kagambar di handap ieu.



Bagan 3. 1
Desain Panalungtikan

3.2 Data jeung Sumber Data

3.2.1 Data Panalungtikan

“Data adalah suatu atribut yang melekat pada suatu objek tertentu, berfungsi sebagai informasi yang dapat dipertanggungjawabkan, dan diperoleh melalui suatu metode/instrument pengumpulan data”.

(Herdiansyah, 2013 kc. 11)

“Data adalah (1) keterangan yang benar dan nyata; (2) keterangan atau bahan nyata yang dapat dijadikan dasar kajian (analisis atau kesimpulan). (KBBI, 2020)

Jadi, data téh bisa hartikeun salaku kumpulan fakta nu bisa dianalisis jadi hasil panalungtikan.

Data dina ieu panalungtikan nyaéta upacara TTNTSS nu ngawengku struktur, pakakas, palaku, jeung kadaharan dina upacara TTNTSS.

3.2.2 Sumber Data

Arikunto (2006, kc. 129) nétélakeun yén sumber data dina panalungtikan téh nyaéta

Subjek dari mana data dapat diperoleh. Apabila peneliti menggunakan kuesioner atau wawancara dalam pengumpulan datanya, maka sumber data disebut responden, yaitu orang yang merespon atau menjawab pertanyaan-pertanyaan peneliti, baik pertanyaan tertulis maupun lisan. Apabila peneliti menggunakan teknik observasi, maa sumber datanya bisa berupa benda, gerak atau proses sesuatu.

Jadi, sumber data dina panalungtikan téh nyaéta sumber subjék timana éta data dibeunangkeun.

Kampung Cireundeu mangrupa salasihiji kampung anu kaasup ka Kelurahan Leuwigajah Kecamatan Cimahi Selatan Kota Cimahi Jawa Barat Indonesia. Jarak ti kota Cimahi ka kampung Cireundeu sekitar lima kilométer. Legana 64héktare anu ngawengku 60héktar leuweung jeung 4 héktare pemukiman.

Subjék dina ieu panalungtikan nyaéta kokolot atawa jalma anu dianggap leuwih maham kana éta upacara sarta masarakat anu ilubiung kana éta upacara, hasil

rekaman tina upacara TTNTSS di kampung Cireundeu, Kelurahan Leuwigajah, Kecamatan Cimahi Selatan, Kota Cimahi.

Tina pedaran di luhur sumber data nu digunakeun dina ieu panalungtikan bisa dipasing-pasing jadi tilu rupa:

- a. Jalma, mangrupa katerangan kokolot atawa tokoh nu dianggap maham kana éta upacara, sarta masarakat atawa warga anu ilubiung kana éta acara;
- b. Tempat, nyaéta Kampung Cireundeu mangrupa tempat lumangsungna upacara TTNTSS;
- c. Dokumén, mangrupa catetan hasil wawancara, rékaman video jeung foto upacara TTNTSS.

3.3 Réspodén jeung Informan

Réspodén



- ❖ Wasta : Ogi Suprayugi
- ❖ Umur : 39 taun
- ❖ Alamat : KP. Cireundeu Rt. 03, Rw. 10 Leuwigajah, Cimahi Selatan
- ❖ Pakasaban : Buruh

Réspondén



- ❖ Wasta : Sudrajat
- ❖ Umur : 41 taun
- ❖ Alamat : KP. Cireundeu Rt. 03, Rw. 10 Leuwigajah, Cimahi Selatan
- ❖ Pakasaban : Karyawan Swasta

Informan



- Wasta : Deni Aditia Permana
- Umur : 27 taun
- Alamat : kp. Cireundeu Rt. 02 Rw. 10 Kel. Leuwigajah Kec. Cimahi Selatan
- Pakasaban : karyawan swata

3.4 Lokasi Panalungtikan

Daérah anu jadi tempat panalungtikan nyaéta kampung Cireundeu Kelurahan Leuwigajah, Kecamatan Cimahi Selatan, Kota Cimahi.

3.4.1 Lokasi Géografis

Kampung Cireundeu nu dijadikeun tempat panalungtikan sacara administratif aya di wilayah kelurahan Leuwigajah, kecamatan Cimahi Selatan, Kota Cimahi, Provinsi Jawa Barat. Pikeun ngahontal ieu kampung, bisa ngagunakeun alat transportasi darat saperti angkot, jeung ojég. Sabenerna aya beus pariwisata anu disadiakeun ku pamaréntah kota, ngan teu nepi ka kampung Cireundeu na pisan, tapi saukur nepi ka urut *Tempat Pembuangan Akhir* (TPA) anu teu jauh ti kampung Cireundeu. Di kampung Cireundeu pernahna ngétan ngalér upama ti balé saréséhan

Siti Fitriyasih, 2021

UPACARA TUTUP TAUN NGEMBAN TAUN DI KAMPUNG CIREUNDEU KOTA CIMAH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA (KAJIAN ANTROPOLOGI JEUNG SEMIOTIK)
Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

aya leuweung larangan, Beulah handap leuweung larangan aya leuweung tutupan jeung leuweung baladahan. Sakumaha ilaharna leuweung larangan, masarakat teu bisa sagawayah kana éta leuweung, leuweung larangan mah teu meunang diganggu, sabab éta leuweung mangrupa tempat nyerepna cai. Masarakat Cireundeu kacida patuh kana aturan-aturan adat anu aya, sabab lamun alam ruksak, manusa ogé anu bakal narima balukarna. Ngan aya kahariwang ku ayana perumahan anu keur dijieun anu lokasina deukeut kana leuweung larangan, sabab ku diwangunna éta perumahan tangtu loba tatangkalan anu dituar, sedengkeun tatangkalan téh sok nyerep cai. Nurutkeun data Kelurahan taun 2018, poténsi sumber daya alam Kelurahan Leuwigajah katitén dina tabél ieu di handap.

3.4.2 Poténsi Sumber Daya Alam

Tabél 3. 1
Luas Bangunan

<i>Luas Bangunan</i>	
<i>Luas pemukiman</i>	238 Ha
<i>Luas kuburan</i>	15 Ha
<i>Luas pekarangan</i>	51 Ha
<i>Luas taman</i>	12 Ha
<i>Perkantoran</i>	11 Ha
<i>Luas prasarana umum lainnya</i>	65,97 Ha
<i>Luas wilayah</i>	393,473 Ha

Sumber: Data Monografi Kelurahan Leuwigajah Taun 2018

Tabél 3. 2
Kualitas Air Minum

<i>Kualitas air minum</i>	
<i>Mata air</i>	<i>Baik</i>
<i>Sumur gali</i>	<i>Baik</i>
<i>Sumur pompa</i>	<i>Baik</i>
<i>Artesis</i>	<i>Baik</i>
<i>PAM</i>	<i>Baik</i>
<i>Pipa</i>	<i>Baik</i>
<i>Sungai</i>	<i>Berwarna</i>

Sumber: Data Monografi Kelurahan Leuwigajah Taun 2018

Tabél 3. 3
Taman

<i>Taman</i>	
<i>Taman kelurahan</i>	<i>Tidak ada</i>
<i>Taman bermain</i>	<i>Ada</i>

Sumber: Data Monografi Kelurahan Leuwigajah Taun 2018

Ku ayana gambaran letak géografis Kelurahan Leuwigajah ieu dina enasnasna miboga tujuan pikeun méré katerangan ka nu maca ngeunaan kondisi jeung letak Kelurahan Leuwigajah hususna kampung Cireundeu. Sok sanajan aya di lingkup perkotaan, kampung Cireundeu upama ditilik tina kaayaan alam anu masih asri, sarta penduduk nu nyekel pageuh adat-istiadat, jadi faktor pangrojong ayana upacara Tutup Taun Ngemban Taun Saka Sunda, hirup jeung mekar di masarakat Kelurahan Leuwigajah hususna kampung Cireundeu.

3.4.3 Poténsi Sumber Daya Manusa

Poténsi sumber daya manusa di hiji daérah kacida pentingna pikeun dipaluruh, utamana ngeunaan jumlah jeung kamekaran penduduk. Salian ti pikeun nangtukeun kawijakan-kawijakan pamaréntah, ogé patali jeung sarana prasarana, boh pikeun kapentingan sosial ékonomi boh kabutuhan-kabutuhan séjénna.

Jumlah penduduk nu aya di Kelurahan Leuwigajah nyaéta 43.416 jiwa, nu ngawengku 21.816 urang lalaki jeung 21.600 urang awéwé, anu kabagi kana 14.957 Kepala Keluarga (KK) nurutkeun data monografi kelurahan taun 2018. Sedengkeun numutkeun data monografi kelurahan taun 2018, aya sababaraha kapercayaan anu diagem ku masarakat kelurahan Leuwigajah katitén dina tabél ieu di handap.

Tabél 3. 4
Agama

<i>Agama</i>	
<i>Islam</i>	<i>40.363 orang</i>
<i>Kristen</i>	<i>1834 orang</i>
<i>Katholik</i>	<i>1011 orang</i>
<i>Hindu</i>	<i>32 orang</i>

Siti Fitriyah, 2021

UPACARA TUTUP TAUN NGEMBAN TAUN DI KAMPUNG CIREUNDEU KOTA CIMAH PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA BAHASAN DI SMA (KAJIAN ANTROPOLOGI JEUNG SEMIOTIK)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

<i>Budha</i>	<i>87 orang</i>
<i>Konghucu</i>	<i>4 orang</i>
<i>Lainnya</i>	<i>85 orang</i>

Sumber: Data Monografi Kelurahan Leuwigajah Taun 2018

Pengelompokan penduduk dumasar tingkat atikanana kacida mangpaatna pikeun maluruh kualitas *Sumber Daya Manusa (SDM)* di hiji wilayah atawa daérah. Tingkat atikan, boh sacara formal boh nonformal, bakal méré gambaran ngeunaan tingkat *kecerdasan* jeung kaparigelan masarakat. Ku kituna, hal ieu bisa jadi tolak ukur tingkat kamajuan atawa kamekaran hiji wilayah atawa daérah. Pola pikir hiji manusa bakal dipangaruhan ku tingkat pendidikan. Umumna beuki luhur tingkat pendidikan, beuki logis cara mikirna.

Kamekaran widang atikan jeung informasi di jero masarakatna geus kalintang alus. Ieu katitén dina pangrojong pamaréntah Jawa Barat anu kapapancénan méré atikan pikeun wargana, hak warga meunang pendidikan ti pamaréntah. Numutkeun Ogi (39 taun) sacara umum masarakat Cireundeu upama ditilik tina widang atikanana téh lulusan SMA, sok sanajan kitu nu lulusan sarjana ogé aya. Di handap ieu mangrupa tabél pendidikan kelurahan Leuwigajah boh formal boh nonformal nurutkeun data monografi taun 2018.

Tabél 3. 5
Pendidikan

<i>Pendidikan</i>	
<i>Belum sekolah</i>	<i>7351 orang</i>
<i>Tidak tamat SD</i>	<i>4503 orang</i>
<i>Tamat SD/ sederajat</i>	<i>7887 orang</i>
<i>SLTP/ Sederajat</i>	<i>13402 orang</i>
<i>Diploma I/II</i>	<i>442 orang</i>
<i>Akademi/diploma III/ sarjana muda</i>	<i>1437 orang</i>
<i>Diploma IV/ S-I</i>	<i>2567 orang</i>
<i>S-2</i>	<i>222 orang</i>
<i>S-3</i>	<i>28 orang</i>

Sumber: Data Monografi Kelurahan Leuwigajah Taun 2018

Tabél 3. 6
Lembaga Pendidikan

Lembaga Pendidikan

Jumlah Taman Kanak-Kanak	
a. TK Negeri	1 buah
b. TK Roudhotul Athfal (RA)	2 buah
c. TK Swasta	4 buah
Pendidikan Anak Usia Dini (PAUD)	8 buah
Taman Pendidikan Alqur'an	25 buah
Jumlah Sekolah Dasar (SD)	10 buah
<i>a. Sekolah Dasar (SD) Negeri</i>	<i>8 buah</i>
<i>b. Sekolah Dasar (SD) Swasta</i>	<i>2 buah</i>
Jumlah SMP/ Sederajat	
<i>SMP Negeri</i>	<i>2 buah</i>
<i>SMP Swasta</i>	<i>1 buah</i>
<i>Madrasah Tsanawiyah Negeri (MTsN)</i>	<i>2 buah</i>
<i>Madrasah Tsanawiyah Swasta</i>	
Jumlah SMA/ Sederajat	
<i>SMA Negeri</i>	<i>1 buah</i>
<i>SMA Swasta</i>	<i>1 buah</i>
<i>Madrasah Aliyah Negeri (MAN)</i>	<i>1 buah</i>
<i>Madrasah Aliyah Swasta</i>	<i>1 buah</i>
<i>Sekolah Menengah Kejuruan Negeri (SMKN)</i>	<i>1 buah</i>
<i>Sekolah Menengah Kejuruan Swasta</i>	
Perguruan Tinggi / Akademi	
<i>Pusat Kegiatan Belajar Masyarakat (PKBM)</i>	<i>1 buah</i>
<i>a. Paket A</i>	<i>1 buah</i>
<i>b. Paket B</i>	<i>1 buah</i>
<i>c. Paket C</i>	<i>1 buah</i>
Jumlah Pondok Pesantren	<i>41 orang</i>

a. Jumlah santriawan	36 orang
b. Jumlah santriwati	
Lembaga Kursus	
a. Kursus bahasa	1 buah
b. Kursus menjahit	2 buah
c. Kursus montir	-
d. Kursus komputer	-

Sumber: Data Monografi Kelurahan Leuwigajah Taun 2018

Tabél 3. 7
Poténsi Perékonomian

Poténsi Perékonomian	
<i>Koperasi</i>	5 buah
a. Koperasi Berbadan Hukum	15 buah
b. Koperasi Belum Berbadan Hukum	
Minimarket	7 buah
Jumlah toko	66 buah
Jumlah kios	62 buah
Jumlah warung	500 buah
Bank	2 buah
Bengkel	
a. Mobil	5 buah
b. Motor	19 buah
Warung makan/restoran	20 buah
Counter hp/ service/ pulsa	39 buah
Percetakan	11 buah
Konveksi	39 buah
Pangkalan gas elpiji	1 buah
Depot air minum isi ulang	24 buah
UMKM	24 buah
Industri	10 buah
Pengumpul barang bekas/ rongsok	15 buah
Pasar/ perdagangan	1 buah
Percetakan/ sablon	8 buah
Bank umum	2 unit
Bank Perkreditan Rakyat (BPR)	

Sumber: Data Monografi Kelurahan Leuwigajah Taun 2018

Tina tabél di luhur bisa katitén yén poténsi ékonomi di kelurahan Leuwigajah bisa kaitung geus maju, hal éta bisa katitén tina ayana sababaraha toko, sarta jenis-jenis usaha séjénna. Nurutkeun Kang Ogi, sacara umum masarakat Cireundeu téh pakasabanna pepelak, sok sanajan aya ogé anu gawé di pabrik, dagang, guru, jeung sajabana.

3.2.4.4 Sarana jeung Prasarana

Aya sababaraha sarana jeung prasarana anu kacida ngarojong kana lumangsungna kahirupan masarakat di kelurahan Leuwigajah, boh sarana jeung prasarana transportasi, komunikasi, peribadahan, olahraga, kaséhatan, boh prasarana *penerangan*. Sarana jeung prasarana éta kagambar dina tabél ieu di handap dumasar kana data monografi kelurahan Leuwigajah taun 2018.

Tabél 3. 8
Sarana jeung Prasarana Transportasi

<i>Sarana jeung Prasarana Transportasi</i>		
1. Jalan Kampung	Meter	Kondisi
<i>a. Jalan aspal</i>	<i>200 m</i>	<i>Baik</i>
<i>b. Jalan macadam</i>	-	-
Gang	-	-
a. Jalan Aspal	500 m	Baik
<i>b. Jalan pavingblok</i>	750 m	Baik
<i>c. Jalan tanah</i>	-	
2. Sarana Transportasi	4 Pangkalan	
<i>a. Pangkalan ojeg</i>	-	
<i>b. Terminal</i>		
3. Kepemilikan kendaraan		
<i>a. Kepemilikan mobil</i>	<i>1276 orang</i>	
	<i>2812 orang</i>	

<i>b. Kepemilikan motor</i>	<i>1112 orang</i>	
<i>c. Kepemilikan sepeda</i>		
4. Sarana Lingkungan		
<i>a. Jumlah MCK/ jamban umum</i>	<i>153 unit</i>	
<i>b. Keluarga yang mempunyai MCK/ jamban sendiri</i>	<i>5876 KK</i>	
<i>c. Sumur resapan</i>	<i>3 buah</i>	
<i>d. Biopori</i>	<i>143 buah</i>	
<i>e. Tempat pembuangan sampah sementara (TPS)</i>	<i>1 lokasi</i>	
<i>f. tempat pengelolaan sampah</i>	<i>1 unit</i>	

Sumber: Data Monografi Kelurahan Leuwigajah Taun 2018

**Tabél 3. 9
Prasarana Komunikasi**

Prasarana Komunikasi	
Telepon umum	-
Wartel	-
Warnet	17 buah
Kantor pos/ kantor pos pembantu	-

Sumber: Data Monografi Kelurahan Leuwigajah Taun 2018

**Tabél 3. 10
Prasarana Peribadatan**

Prasarana Peribadatan	
Jumlah masjid	61 buah
Jumlah langgar/ surau/ mushola	32 buah
Jumlah gereja	1 buah
Jumlah wihara	-
Jumlah pura	-
Klenteng	-

Sumber: Data Monografi Kelurahan Leuwigajah Taun 2018

Tina tabél di luhur katitén ayana prasarana peribadatan nu bisa ngarojong prosés ibadah lumangsung sacara tertib.

Tabél 3. 11
Prasarana Olahraga

<i>Prasarana Olahraga</i>	
<i>Lapangan sepak bola</i>	1
<i>Lapangan bulu tangkis</i>	7
<i>Lapangan voli</i>	8
<i>Gedung olahraga (GOR)</i>	3
<i>Lapangan basket</i>	3
<i>Lapangan futsal</i>	2
<i>Tenis meja</i>	2

Sumber: Data Monografi Kelurahan Leuwigajah Taun 2018

Tabél 3. 12
Prasarana Kesehatan

Prasarana Kesehatan	
Rumah sakit umum	-
Puskesmas	1 unit
Poliklinik/ balai pengobatan	2 unit 9 orang
Dokter umum	9 orang 1 orang
Dokter anak	1 orang
Dokter gigi	2 orang
Dokter kandungan	3 orang
Bidan	12 orang

Sumber: Data Monografi Kelurahan Leuwigajah Taun 2018

Tabél 3. 13
Prasarana Penerangan

Prasarana Penerangan	
Lampu penerangan jalan umum (PJU)	375 buah
Lampu penerangan gang	272 buah
Jumlah KK yang belum mempunyai sambungan listrik mandiri	283 KK

Sumber: Data Monografi Kelurahan Leuwigajah Taun 2018

Tina sababaraha tabél di luhur utamana ngeunaan prasarana olahraga jeung kaséhatan tangtu kacida ngarojongna kana kamajuana masarakat kelurahan Leuwigajah.

3.4.4 Kondisi Sosial Budaya

3.4.4.1 Poténsi Sosial jeung Budaya

Nurutkeun data monografi kelurahan Leuwigajah taun 2018, masarakat kelurahan Leuwigajah rata-rata geus boga imah sorangan. Hal éta katitén tina 6964 imah, sedengkeun kontarakan 1920 kamar. Lian ti éta, pikeun ngarojong kabudayaan jeung kasenian Jawa Barat, di kelurahan Leuwigajah ogé aya 2 sanggar, jeung padépokan pencak silat.

3.4.4.2 Kahirupan Sosial Budaya

Ngeunaan sistim kekerabatan nu dianut ku masarakat kelurahan Leuwigajah, teu jauh béda jeung étnis Sunda sacara umum. Kulawarga mangrupa *kesatuan sosial* pangleutikna dina kahirupan masarakat, nu anggotana ngawengku bapa, indung jeung anak. Sangkan hubungan antar kulawarga henteu pareumeun obor, kolot-kolot biasana ngawanohkeun budak-budakna ka kulawarga séjénna atawa dulur-dulurna.

Ajén-inajén anu luhung henteu ngan ukur dilarapkeun di kulawarga, tapi dilarapkeun ogé dina hubungan sosial antaranggota masarakat. Dina kahirupan sapopoé, masarakat kelurahan Leuwigajah hususna kampung Cireundeu masih némbongkeun hubungan anu dalit. Masarakatna kacida ngahargaan sarta ngajungjung luhur ajén hirup sauyunan. Hubungan jeung papada masarakat dina kahirupan sapopoéna kalintang alus. Dina ieu hal teu sewang-séwangan, sarta masarakatna soméah hadé ka sémah. Salasahiji conto kagiatan gawé bareng sarta silih tolongan nu masih dicekel pageuh atawa dimumulé ku masarakat kelurahan Leuwigajah hususna kampung Cireundeu, dina kahirupan masarakat sacara umum. Éta kagiatan téh katitén tina kagiatan saperti nalika nyiapkeun upacara TTNTSS. Dina hal ieu, masarakatna sok harideng mantuan boh mangrupa tanaga boh matéri sanajan teu dipénta tulong heula.

Salian ti ngajungjung luhur ajén-inajén hirup sauyunan, masarakatna ogé masih ngamumulé tradisi-tradisi warisan karuhun. Éta tradisi téh saperti ngonsumsi sangu sampeu (rasi), upacara TTNTSS.

Kumaha adat-adat kahirupan luyu jeung warisan luluhur téh tetep dijalankeun. Gotong royong, *kebersamaan*, sarta ngajak masarakat nonadat ilubiung, éta hal téh mangrupa aplikasi toléransi jeung kerukunan antar umat beragama. Kakuatan tradisi adat ieu ogé katitén tina nempatkeun sesepuh salaku kolot urang. Sakumna masarakat adat hormat ka nu jadi sesepuh.

Sabagian masarakat Cireundeu aya anu ngagem aliran kapercayaan, lian ti éta ogé aya nu ngagem agama Islam. Sok sanajan kitu, sakumna warga hirup sauyunan.

Manusa henteu bisa lésot tina basa. Hal éta katitén dina kahirupan sapopoé yén basa miboga peran anu penting, nyaéta pikeun komunikasi. Kitu deui di masarakat kelurahan Leuwigajah basa digunakeun pikeun komunikasi dina kahirupan sapopoé. Basa sapopoé nu dipaké ku masarakat Leuwigajah hususna di kampung Cireundeu nyaéta basa Sunda. Basa Sunda ogé miboga fungsi pikeun mekarkeun jeung ngarojong kana kabudayaan anu aya di sabudeureun kelurahan Leuwigajah, hususna kampung Cireundeu.

Sedengkeun kaayaan penduduk upama ditilik tina sistem pakasabanana, anu gunana pikeun mikawanoh struktur ékonomi hiji wilayah atawa daérah. Ku cara éta, bisa katitén jenis kagiatan ékonomi penduduk atawa pakasaban penduduk di hiji daérah. Pakasaban penduduk mangrupa hiji kagiatan manusa dina ngamangpaatkeun poténsi lingkunganana, boh lingkungan alam (géografis) boh lingkungan sosial. Kagiatan ieu dilakukeun ku masarakat/penduduk dina raraga mertahankeun hirupna sarta meunangkeun taraf hirup anu leuwih hadé. Kondisi penduduk kelurahan Leuwigajah hususna kampung Cireundeu upama ditilik tina pakasabanana, sabagéan gedé nyaéta tani atawa tatanén di kebon.

3.4.4.3 Tradisi di Kampung Cireundeu

Susanto (dina Achdiani, 2012 kc. 172) nétélakeun yén “*pola konsumsi penduduk dipengaruhi oleh produksi pangan, kebiasaan maan dan pengolahan bahan makanan, di samping itu pola konsumsi dipengaruhi pula oleh tradisi dan*

kepercayaan atau tabu. Cara-cara yang dilakuan manusia untuk memenuhi kebutuhan itu dapat beragam antara seseorang dengan lainnya, antara satu keluarga dengan keluarga-keluarga lain, antara lapisan masyarakat dengan lapisan masyarakat lain, bahkan antara masyarakat dalam satu Negara dengan masyarakat di Negara lain”.

Achdiani (2012, kc. 172) nétélakeun yén loba faktor nu nyababkeun bédana cara hiji jalma atawa kulawarga dina ngalakukeun pilihan pangan nu digunakeun. Salasahiji faktorna nyaéta ayana kabiasaan dahar (*food habits*), nu raket patalina jeung unsur-unsur sistem sosial budaya, ékonomi, lingkungan alam (ékologi) jeung kabutuhan biologik. Sok sanajan kampung Cireundeu aya di lingkung kota, masarakat kampung Cireundeu tetep nyekel pageuh tradisi-tradisi warisan karuhunna. Salasahiji tradisi nu aya di kampung Cireundeu nyaéta kadaharan poko na sampeu. Éta tradisi téh mangrupa kaanékragaman anu kudu dipertahankeun. Di kampung Cireundeu masarakatna masih nyekel pageuh tali paranti karuhunna, saperti tradisi nu dilakukeun ku ibu-ibu unggal malem salasa jeung jumaah nyaéta neundeun sasajén di goah (paniisan). Baheula mah imah téh aya lima rohangan, dapur, goah (paniisan), tengah imah, kamar, jeung tepas.

Achdiani (2012 kc. 173) diébréhkeun yén nu ngagem aliran kapercayaan di kampung Cireundeu aya 50 KK, henteu sakumna warga ngalakukeun tradisi ngonsumsi sangu sampeu (rasi). Ku kituna aya sababaraha tipe kulawarga saperti; kulawarga anu masih ngalaksanakeun tradisi ngonsumsi sangu sampeu 35 KK (70%). Tipe kulawarga anu geus henteu pisan ngonsumsi sangu sampeu tur ganti jadi ngonsumsi sangu béas 3KK (6%). Aya sababaraha alesan pindah tina tradisi ngonsumsi sangu sampeu kana sangu béas, kahiji; sabab kondisi awakna keur gering, kadua; sabab *perkawinan*, nyaéta pamajikan kudu milu kabiasaan dahar salaki jeung atawa salaki milu kabiasaan pamajikan. Sok sanajan aya sababaraha warga di Cireundeu anu pindah tina kabiasaan ngonsumsi sangu sampeu jadi sangu béas, tapi tetep pageuh ngagem aliran kapercayaan, anu robah mah ngan ukur kabiasaan daharna.

Tabél 3. 14
Tipe Keluarga Campuran yang Melakukan Dua Tradisi

Tipe Keluarga Campuran Yang Melakukan Dua Tradisi			
1.	Suami makan nasi dari beras, istri dan anak makan nasi singkong (tipe I)	4	33,3
2.	Suami dan anak makan nasi dari beras, istri makan nasi singkong (tipe II)	2	16,6
3.	Suami makan nasi singkong, istri makan nasi dari beras (tipe III)	1	8,3
4.	Suami dan anak makan nasi singkong, istri makan nasi dari beras (tipe IV)	3	25
5.	Suami dan istri makan nasi singkong, anak makan beras (tipe V)	2	16,6
	Jumlah		

Sumber : (Achdiani, 2012 kc. 174)

Dumasar kana tabél di luhur, tipe I nyaéta sakulawarga aya dua tradisi nyaéta salaki teu ngajalankeun tradisi, sedengkeun pamajikan jeung budak ngajalankeun tradisi, kusabab nu jadi salaki asalna ti luar kampung Cireundeu sarta henteu ngagem aliran kapercayaan, cicing di Cireundeu. Sok sanajan kabeungkeut ku perkawinan, henteu ngajadikan hiji jalma nu béda kayakinan pikeun ngalakukeun tradisi nu sarua. Upama aya pamajikan anu rék nyiapkeun kadaharan keur salakina anu ngonsumsi sangu béas, sacara adat kudu ménta ijin heula ka sesepuh supaya teu meunang malapetaka nu teu dipiharep, boh pikeun dirina sorangan boh keur masarakat sabudeureunna. Tipe ka-2 nyaéta salaki jeung barudak ngonsumsi sangu béas, sedengkeun istri angger mertahankeun tradisi ngonsumsi sangu sampeu. Ku kituna dina éta kulawarga aya dua tradisi, sedengkeun barudakna mah milu kana kabiasaan nu jadi bapa nyaéta ngonsumsi sangu béas. Sok sanajan nu jadi indung budak geus ngalakukeun sosialisasi tradisi dahar ku cara nyiapkeun sangu sampeu (rasi), upama nu jadi budak karesepna kana sangu béas mah, éta budak tetep milu kana kabiasaan bapa ngonsumsi sangu béas. Upama aya awéwé nu asalna ti kampung Cireundeu kawin jeung lalaki nu asalna ti luar kampung Cireundeu sarta cicing di luar kampung Cireundeu, proses sosialisasi ngonsumsi rasi (sangu

sampeu) teu bisa dilaksanakeun sacara hadé, kusabab faktor lingkungan. Perbédaan tradisi antara salaki jeung pamajikan mangaruhan kana énkulturasi jeung proses sosialisasi budak. Salasahiji tradisi anu tetep hirup téh tangtu waé tradisi anu dirojong ku lingkungannana.

Tipe ka-3 nyaéta salaki tetep nyekel pageuh tradisi luluhurna nyaéta ngonsumsi sangu sampeu, sedengkeun pamajikan jeung barudak ngonsumsi sangu béas. Alesanana téh nyaéta kusabab perkawinan nu béda kayakinan, salaki asalna ti kampung Cireundeu sarta pamajikan asalna ti luar kampung Cireundeu anu ngagem agama Islam. Upama lalaki nu asalna ti kampung Cireundeu kawin jeung awéwé nu ti luar kampung Cireundeu anu ngagem agama Islam, éta lalaki teu bisa maksa pamajikanna pikeun milu kana tradisina, kitu deui sabalikna. Sistem kekerabatan masarakat Sunda umumna sacara bilateral, tapi leuwih deukeut jeung dulur nu asalna ti pihak indung, kusabab ayana kontak nu dilakukeun antara pihak kulawarga ti indung ngabalukarkeun budak leuwih deukeut jeung kapangaruhan ku tradisi ti indung.

Tipe ka-4 nyaéta salaki jeung budak tetep ngalaksanakeun tradisi luluhurna ku cara ngonsumsi sangu sampeu, sedengkeun pamajikan ngonsumsi sangu béas. Hal éta téh kulantaran budak dina enas-enasna bakal milu kana tradisi anu dianggap dominan. Maksudna salian ti dipangaruhan ku keluarga inti, ogé dipangaruhan ku lingkungan, upama cicingna di kampung Cireundeu anu mayoritas wargana ngonsumsi sangu sampeu (rasi). Ku kituna, boh sacara langsung boh teu langsung budak bakal nyerep ajén-inajén nu aya di lingkungan kulawarga jeung lingkungan sosialna.

Tipe ka-5 nyaéta budak henteu milu kana tradisi kolotna, sedengkeun kolotna tetep mertahankeun tradisi luluhurna ku cara ngonsumsi sangu sampeu (rasi). Hal éta téh kulantaran kurangna sosialisasi nu dilakukeun ku kolot jeung duduluran ti pihak kolotna. Ku kituna, ngabalukarkeun éta budak bébas jeung bisa ngarubah tradisi nu dilakukeun ku kolotna sacara turun tumurun, sabab kapangaruhan ku lingkungan saperti sakola, atawa tempat gawéna, dimana éta budak téh nyerep ajén-inajén tradisi nu dianggap leuwih hadé.

Achdiani (2012, kc. 178) ogé nétélakeun yén tradisi dahar sangu sampeu jeung aliran-aliran kapercayaan di kampung Cireundeu mangrupa hiji beungkeutan. Hartina, antara kabiasaan ngonsumsi sangu sampeu jeung aliran kapercayaan silih lengkepan fungsi. Katahanan ngonsumsi sangu sampeu pikeun masarakat aliran kapercayaan miboga fungsi pikeun nguatkeun ajaran aliran kapercayaan. Silih fungsina antara tradisi ngonsumsi sangu sampeu jeung aliran kapercayaan, sabab dina enas-enasna kabudayaan teu bisa disawang sacara parsial, tapi kudu disawang sacara holistik. Kitu deui jeung tradisi ngonsumsi sangu sampeu jeung aliran kapercayaan, dimana tradisi nu aya di kampung Cireundeu henteu ngan saukur miboga fungsi pikeun mertahankeun sistem réligi di éta tempat (aliran kapercayaan), tapi aya patalina ogé jeung pangaweruh lokal ngeunaan sistem téhnologi pikeun ngolah sampeu jadi bahan nu siap di konsumsi sarta patali jeung sisitem pakasaban.

Upama ditalungtik leuwih jero, hal éta téh némbongkeun ayana kaharmonisan jeung kaarifan lokal manusa dina ngolah lingkungan alam di kampung Cireundeu. Kaharmonisan jeung lingkungan alam hususna pikeun nu ngagem masarakat aliran kapercayaan teu pernah ngarasa krisis monetér nu pernah kaalaman ku masarakat di luar kampung Cireundeu. Dina kaharmonisan alam éta ogé aya kaharmonisan jeung papada warga, nyaéta dina kagiatan sapopoé ti mimiti melak sampeu, ngolah sampeu, katitén aya gawé bareng tur silih rojong henteu ngan jeung warga aliran kapercayaan wungkul, tapi jeung warga nu henteu ngagem aliran kapercayaan.

Ngonsumsi sangu sampeu upama ditilik tina segi gizi, sampeu mangrupa jenis kadaharan nu bisa digunakeun salaku kadaharan gaganti béas. Utamana sampeu ogé bisa diolah jadi rupa-rupa kadaharan, saperti sangu sampeu nu aya di kampung Cireundeu, éta hal téh mangrupa variasi kadaharan tina sampeu. Tradisi ngonsumsi sangu sampeu mangrupa hiji kaanekaragaman bahan pangan nu kudu dipertahankeun. Achdiani (2012, kc. 179) nétélakeun yén pengadaan bahan pangan nonbéas kacida pentingna pikeun dirékomédasikeun ka masarakat, ketergantungan masarakat kana béas kacida gedéna, utamana aya sawangan (*culture rice is life*), antukna *disversifikasi* pangan (*makan tida hanya berpusat pada nasi*) teu lumangsung sacara lancar. Ti jaman orde baru, ketergantungan kana

sangu beuki hésé dileungitkeun, nyaéta ayana *penyeragaman* bahan pangan di hampir sakumna wilayah Indonesia. Upama tina segi linguistik, aya paribasa nu némbongkeun yén sangu atawa béas téh miboga kalungguhan anu luhur, sarta ngawakilan rejeki, saperti paribasa “*sudah merdeka kok masih maan gaplek*”. Éta hal téh ngajelaskeun yén pikeun masarakat umum, béas atawa sangu téh miboga kalungguhan nu luhur, antukna jalma nu ngonsumsina téh dianggap statusna ogé luhur.

Pikeun masarakat kampung Cireundeu yén ti baheula luluhurna kacida nyekel pageuh amanat saméméhna. Baheula disebutkeun yén “jaga mah tempat urang téh heurin ku tangtung, mana komo urang aya di lingkung ku gunung nu tarigung ku batu, nu merenah mun mindah-mindah rasa, teu boga sawah asal boga paré, teu boga paré asal boga béas, teu boga béas asal nyangu, teu nyangu asal dahar, teu dahar asal kuat”. Ku kituna, warga pindah tina kabiasaan ngonsumsina sangu béas kana kadaharan séjén, sampeu nu jadi pilihan gaganti béas ti mimiti taun 1918M, tug nepi ka ayeuna téh geus 101 taun atawa saabad leuwih. Ti harita, tug nepi ka kiwari, malah nepi ka jaga, masarakat adat tetep mertahankeun ngonsumsina sampeu salaku kadaharan pokona, salaku hiji kasadaran ngajaga amanat luluhurna. Tina olahan sampeu éta daya cipta, kréativitas, inovasi olahan dijieun jadi rupa-rupa kadaharan nu aya di kampung Cireundeu. Sistem pepelak di éta daérah dilakukeun dumasar sawangan kosmologi Sunda nu akarna tina adat, tradisi nu jadi tali paranti.

Mipit kudu amit, ngala kudu bébéja, ngali cikur kudu misaur, ngorék jahé kudu micarék, nu pondok ulah disambung, nu panjang ulah dipotong, ngadék sacékna, nilas saplasna.

3.5 Ngumpulkeun Data

Unggal manusa pasti boga karep pikeun nempo naon nu hayang ditempo, ngadéngé naon nu hayang didéngé, tur ngalakukeun hiji hal nu dipikahayang. Dina hiji panalungtikan, pikeun meunangkeun paham atawa informasi ngeunaan naon nu ditalungtik, tangtu kudu ngumpulkeun data nu patali jeung obyék nu bakal ditalungtik, ngagunakeun hiji métode nu tangtu. Hal éta luyu jeung pamadegan nu diébréhkeun ku Arikunto (2006, kc. 222) yén ngumpulkeun data téh nyaéta

“Mengamati variabel yang akan diteliti dengan metode interview, tes observasi, kuesioner, dan sebagainya.”

3.5.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

Téhnik ngumpulkeun data mangrupa salasahiji upaya dina panalungtikan ngagunakeun métode anu baris ditangtukeun sangkan tujuanna bisa kahontal. Téhnik ngumpulkeun data dina panalungtikan téh mangrupa hal anu ésénsial. Téhnik ngumpulkeun data dina panalungtikan kualitatif nu jadi instrumén utamana nyaéta panalungtikna sorangan, dina néangan data jeung interaksi sacara simbolik jeung informan/subjék nu ditalungtik (Ghony & Almanshur, 2012 kc. 163). Téhnik anu digunakeun pikeun ngumpulkeun data dina ieu panalungtikan nyaéta téhnik observasi jeung téhnik wawancara.

a. Téhnik Observasi

Aya sababaraha ahli ngébréhkeun ngeunaan observasi, di antarana:

Garayibah (dina Emzir, 2010 kc. 37-38) nétélakeun yén *“Observasi atau pengamatan dapat didefinisikan sebagai perhatian yang terfokus terhadap kejadian, gejala, atau sesuatu. Adapun observasi ilmiah adalah perhatian terfokus terhadap gejala, kejadian atau sesuatu dengan maksud menafsirkannya, menggunakan faktor-faktor penyebabnya, dan menemukan kaidah-kaidah yang mengaturnya”*.

Hal sarua ogé ditandeskeun ku Gordon E Mills (dina Herdiansyah, 2013 kc. 131) nétélakeun yén *“Observasi adalah sebuah kegiatan yang terencana dan terfokus untuk melihat dan mencatat serangkaian perilaku ataupun jalannya sebuah sistem yang memiliki tujuan tertentu, serta mengungkap apa yang ada dibalik munculnya perilaku dan landasan suatu sistem tersebut.*

Jadi, observasi mangrupa hiji kagiatan ngumpulkeun data pikeun ngahontal tujuan. Emzir (2010, kc. 39-40) yén

“Observasi dapat pula dibedakan berdasarkan peran peneliti, menjadi observasi partisipan (participant observation) dan observasi non-partisipan (non-participant observation). Observasi partisipan adalah observasi yang dilakuan oleh peneliti yang berperan sebagai anggota yang berperan serta dalam kehidupan masyarakat topik penelitian. sedangkan observasi non-partisipan adalah observasi yang

menjadikan peneliti sebagai penontonn atau penyasi terhadap gejala atau kejadian yang menjadi topik penelitian.

Dina ieu panalungtikan ngamuara kana observasi partisipan. Observasi partisipan digunakeun pikeun nyatet jeung ngarekam (ngameunangkeun data-data) ngeunaan upacara TTNTSS nyaéta ngeunaan unsur budaya (basa, sistem pangaweruh, sistem kamasarakatan atawa organisasi sosial, sistem pakakas hirup jeung téhnologi, sistem pakasaban, sistem réligi, jeung kasenian) jeung unsur semiotik (ikon, indéks, jeung simbol). Ku kituna, ieu panalungtikan turun langsung ka lapangan. Observasi anu dilakukeun nyaéta observasi partisipan.

b. Téhnik Wawancara

Aya sababaraha ahli ngébréhkeun ngeunaan wawancara, di antarana: Moleong (*Herdiansyah, 2013 kc. 29*) nétélakeun yén “Wawancara adalah percakapan dengan maksud tertentu”.

Gorden (*Herdiansyah, 2013 kc. 29*) nétélakeun yén “Wawancara merupakan percakapan antara dua orang di mana salah satunya bertujuan untuk menggali dan mendapatkan informasi untuk suatu tujuan tertentu”. Stewart jeung Cash (*Herdiansyah, 2013 kc. 30*) nétélakeun yén “Wawancara merupakan suatu interaksi yang di dalamnya terdapat pertukaran/sharing aturan, tanggung jawab, perasaan, kepercayaan, motif, dan informasi”.

Jadi, wawancara téh mangrupa hiji interaksi ku cara ngayakeun paguneman pikeun ngahontal tujuan.

Téhnik wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para palaku anu kalibet dina upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi. Data anu dikumpulkeun mangrupa déskripsi upacara TTNTSS utamana ngeunaan unsur budaya (basa, sistem pangaweruh, sistem kamasarakatan atawa organisasi sosial, sistem pakakas hirup jeung téhnologi, sistem pakasaban, sistem réligi, jeung kasenian) jeung semiotik (ikon, indéks, jeung simbol) upacara TTNTSS. Dina kajian budaya anu digunakeun nyaéta *open interview*.

Léngkah-léngkah anu dilakukeun ku panalungtik dina ngumpulkeun data téh nyaéta:

- a. Maca buku-buku sumber anu aya patalina jeung panalungtikan
- b. Ngalaksanakeun wawancara jeung narasumber
- c. Ngalaksanakeun observasi ka lapangan
- d. Ngadokuméntasikeun hasil observasi jeung wawancara; jeung
- e. Néangan unsur-unsur budaya jeung semiotik anu aya dina upacara TTNTSS.

3.5.2 Instrumén Panalungtikan

Instrument atawa alat anu digunakeun dina ieu panalungtikan, nyaéta (1) padoman jeung lembar observasi, (2) padoman wawancara, jeung (3) alat rekam

a. Padoman jeung Lembar Observasi

Padoman jeung lembar observasi dipaké pikeun ngumpulkeun data anu dititénan atawa diobservasi. Hal-hal anu diobservasi ngawengku:

- 1) Struktur upacara TTNTSS
- 2) Alat jeung bahan upacara TTNTSS

b. Padoman Wawancara

Pedoman wawancara mangrupa hiji léngkah pikeun meunangkeun data. Herdiansyah (2013, kc. 80-81) nétélakeun yén patalékan dina hiji panalungtikan mangrupa hiji konsép nu sipatna makro atawa lega. Pikeun ngahontal tujuan panalungtikan téh perlu ayana hiji hal nu sipatna mikro atawa leuwih museur. Ku kituna, perlu aya pedoman wawancara sangkan patalékan-patalékan nalika wawancara henteu kaluar tina tujuan panalungtikan. Sacara struktur, pedoman wawancara téh kabagi tilu; kahiji, *opening* nyaéta nyatet kagiatan atawa obrolan bubuka saméméh wawancara inti. Kadua, *body*, *body* mangrupa bagéan anu kacida pentingna dina hiji wawancara, atawa disebut wawancara inti dimana dina ieu bagéan téh data utama dikumpulkeun. Katilu, *closing*. *Closing* mangrupa panutup dina wawancara. Biasana eusina mangrupa kacindekan tina naon nu diobrolkeun panalungtik jeung subjék panalungtikan.

Pedoman wawancara digunakeun pikeun ngawawancara para informan atawa atawa jalma nu dianggap ngawasa kana upacara TTNTSS, pikeun meunangkeun data ngeunaan unsur budaya (basa, sistem pangaweruh, sistem kamasarakatan atawa organisasi sosial, sistem pakakas hirup jeung téhnologi, sistem pakasaban,

sistem réligi, jeung kasenian) jeung semiotik (ikon, indéks, jeung simbol) dina upacara TTNTSS. Mimiti, panalungtik nanya ka narasumber ngeunaan kasang tukang upacara TTNTSS, waktu pelaksanaanana, alat anu digunakeunana, jsb. Saperti pertanyaan-pertanyaan ieu di handap:

- 1) Tanggal, bulan, taun, jeung poé naon dilaksanakeunana upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi?
- 2) Naon tujuan diayakeun upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi.
- 3) Kumaha struktur upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi.
- 4) Saha waé palaku upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi.
- 5) Pakakas naon waé anu digunakeun dina upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi.
- 6) Naon harti pakakas anu digunakeun dina upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi.
- 7) Naon tujuan jeung mangpaat diayakeunna upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi?
- 8) Naon anu jadi ciri khas dina ieu upacara mun dibandingkeun jeung Upacara Sérén Taun nu diayakeun di tempat séjén saperti Kuningan, atawa kampung adat séjénna?
- 9) Ti iraha ayana upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi?
- 10) Saha nu jadi palaku utama (tokoh anu ngaluluguan) ieu upacara?
- 11) Naha aya balukarna lamun ieu upacara teu dilaksanakeun?
- 12) Agama/ kapercayaan naon nu diagem ku mayoritas masarakat Kampung Cireundeu?
- 13) Naon tujuan utama dilaksanakeun kagiatan Upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu?
- 14) Naon sababna masarakat adat Cireundeu kadaharan poko na sampeu lain paré sakumaha ilaharna kadaharan poko masarakat Indonesia?
- 15) Naon sababna upacara TTNTSS masih dipertahankeun tur diparaké ku masarakat adat Cireundeu dina mangsa ngagalurana modérenisasi budaya kiwari?

Tabél 3. 15
Pedoman Wawancara ka Palaku Upacara TTNTSS

PADOMAN WAWANCARA KA PALAKU UPACARA TTNTSS
1. Nu nepikeun informasi
a. Ngaran
b. Umur
c. Wandabaga
d. Pakasaban
e. Atikan
f. Amanat
2. Waktu pelaksanaan upacara TTNTSS
3. Prak-prakan upacara TTNTSS
4. Tujuan diayakeun upacara TTNTSS
5. Pakakas naon waé nu dipaké dina upacara TTNTSS
6. Harti/ma'na tina pakakas bahan dina upacara TTNTSS

c. Alat Rekam (*handphone*)

Handphone mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngarékam informan nalika lumangsungna wawancara. *Handphone* ogé mangrupa alat anu digunakeun pikeun ngadokumentasikeun atawa ngahasilkeun gambar dina upacara TTNTSS di Kampung Cireundeu Kota Cimahi. Jadi, alat rékam digunakeun pikeun meunangkeun data ngeunaan upacara Tutup Taun Ngemban Taun utamana ngeunaan unsur budaya (basa, sistem pangaweruh, sistem kamasarakatan atawa organisasi sosial, sistem pakakas hirup jeung téhnologi, sistem pakasaban, sistem réligi, jeung kasenian) jeung semiotik (ikon, indéks, jeung simbol).

3.6 Téhnik Analisis Data

Emzir (2010, kc. 85) nétélakeun yén

“Analisis data merupakan proses sistematis pencarian dan pengaturan transkripsi wawancara, catatan lapangan, dan materi-materi lain yang telah anda kumpulkan untuk meningkatkan pemahaman anda sendiri mengenai materi-materi tersebut dan untuk memungkinkan anda menyajikan apa yang sudah anda temukan kepada orang lain”. (kc. 85)

Jadi, analisis data téh mangrupa cara pikeun ngolah data jadi informasi nepi ka éta data bisa mangpaat, utamana pikeun permasalahan nu patali jeung panalungtikan.

Sanggeus data nu rék ditalungtik kakumpul, éta data téh diolah sangkan bisa dicindekkeun. Ngolah datana ngagunakeun analisis unsur budaya jeung semiotik. Analisis data digunakeun diunggal panalungtikan anu baris dilaksanakeun nu mangrupa tahapan-tahapan ieu di handap:

- a. Mariksa jeung niténan deui data anu geus dikumpulkeun;
- b. Ngaranjing-ranjing data tina upacara TTNTSS anu aya patalina jeung unsur budaya;
- c. Ngaranjing-ranjing data tina upacara TTNTSS anu aya patalina jeung unsur semiotik;
- d. Nganalisis unsur-unsur budaya upacara TTNTSS;
- e. Nganalisis ikon anu nyangkaruk dina upacara TTNTSS;
- f. Nganalisis indeks anu nyangkaruk dina upacara TTNTSS;
- g. Nganalisis simbol anu nyangkaruk dina upacara TTNTSS;
- h. Nyieun bahan ajar bahasan tina upacara TTNTSS;
- i. Nyindekkeun data-data anu geus diolah.